

# 5 Bagay Ou Dwe Konnen Kònsènan Diskriminasyon andikap nan Espas Lojman Piblik yo

- 1 Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon (LAD) entèdi diskriminasyon andikap ak asèlman nan espas piblik yo.** LAD a aplike tout kote nan lojman piblik yo, enkli restoran, magazen an detay, lekòl, bank, depatman lapolis, teyat, prizon, klinik medikal, lopital, lòt etablisman medikal, elatriye.
- 2 Kote ki ouvri pou piblik la pa kapab refize sèvi, trete, oswa refize aksè ak machandiz ak sèvis ki baze sou andikap yon moun.** Espas piblik yo pa kapab afiche yon plak ki anpeche moun ki gen andikape yo antre. Pa egzanp, restoran yo pa ka refize sèvi kliyan ki soud oswa moun ki mal pou tandè yo, epi doktè pa ka refize trete yon pasyan pou yon kondisyon akòz andikap entelektyèl yon pasyan.
- 3 Diskriminasyon andikap yo pa kapab redwi aksè ou nan Espas ki louvri pou piblik la.** Espas lojman piblik yo dwe fasilite byen ak sèvis yo aksesib oswa bay lojman rezonab sof si lojman an pral lakòz yon chaj eksèsif pou antrepriz la. Sa a ka gen ladan magazen ki bay livrezon bò twotwa yo, teyat ki bay asistans aditif oswa aparèy ki bay soutit, ak chofè otobis k ap ede itilizatè chèn woulant yo monte nan otobis yo.
- 4 Yo pa kapab fè w peye pou w itilize yon aranjman ki legalman obligatwa pou andikap ou.** Lojman piblik yo gen obligasyon dapre lalwa bay sèten amenajman pou andikap, epi yo pa kapab fè w peye anplis pou itilize akomodasyon sa yo. Pa egzanp, taksi ak sèvis lokasyon pa ka fè w peye yon frè siplemantè si w bezwen plis tan pou w antre nan machin nan akòz yon andikap.
- 5 Yo pa ka refize w aksè nan yon kote pou akomodasyon piblik paske ou gen yon asistans chyen ak ou.** Chyen sèvis oswa chyen gid ki fòmè yo ka akonpaye w tout tan, enkli espas ki louvri pou piblik la. Etablisman piblik yo pa kapab refize sèvi w oswa admèt ou paske w gen sèvis yon chyen gid ak ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele 1.833.NJDCR4U. Depatman Dwa Sivil yo (DCR) aplike LAD, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan NJ kèlkeswa sityasyon imigrasyon an. Pou aprann plis, klike [isit](#).

*LAD la pwoteje w kont vanjans. Pèsonn pa ka vanje kont ou paske w rapòte yon vyolasyon LAD; depoze yon plent pou diskriminasyon, anndan DCR, oswa nan tribinal; oswa egzèsè nenpòt lòt dwa anba LAD la.*

Disponib nan lòt lang nan [Seksyon resous yo](#) nan sit wèb DCR.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele **1.833.NJDCR4U**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ

[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)



@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

